Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Avi Piblik
Revize 4 me 2015

AMANNMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE CHANCELLOR'S REGULATION (CR) C-30—RÈGLEMAN KI GEN POU WÈ AVÈK CHWA, POZISYON AK NOMINASYON DIREKTÈ AK DIREKTÈ ADJWEN LEKÒL

I. Deskripsyon sijè ak objektif kesyon yo pwopoze konsidere a.

CR C-30 kontwole chwa, pozisyon ak nominasyon Direktè ak Asistan Direktè. Nou afiche avi revize sa a pou korije yon erè nou fè nan Seksyon XI.B.7 pwopozisyon amannman règleman an lè nou te tape l. Amannman yo dekri nan premye avi a ki date 3 avril 2015 pa chanje. Men yo :

- Règleman sa a efektif pou pwosesis chwa sipèvizè ki kòmanse apre 30 jen 2015. Seksyon I :
- Biwo Sèvis Sipò Sipèvizè *Office of Supervisory Support Services* pibliye ransèyman sou kondisyon pou eksperyans pedagojik pou Direktè ak Direktè adjwen. Seksyon VII(D)(3)
- Branch Biwo *Borough Borough Field Offices* ap kenbe dosye manm Komite Nivo I pou lekòl ak pwogram yo sipòte. Seksyon XI(B)(1)
- Reprezantasyon sipèvizè nan Komite Nivo I pou pòs Distri kominotè se swa yon sipèvizè lekòl kote gen pòs vid la swa yon lòt lekòl nan distri a, men si okenn pa disponib, yon sipèvizè yon lekòl nan *borough* a. Seksyon XI(C)(1)
- Reprezantasyon sipèvizè nan Komite Nivo I pou pòs nan distri lekòl ki pa kominotè se swa yon sipèvizè lekòl kote gen pòs vid la swa yon sipèvizè yon lòt lekòl nan *borough* a. Seksyon XI(E)(1)
- Nan Komite Nivo I yo, yo ranplase moun *Cluster* a deziyen pou pòs la ak yon reprezantan Sipèentandan an deziyen. Seksyon XI(C)(1), XI (E)(1), ak XI(G)(3)(b)
- Yo ka fè sòti nan pwosesis la tout manm nan Komite C-30 la ki pa respekte konfidansyalite pwosesis la, epi yo ka anpeche l ofri sèvis li alavni nan komite C-30 yo. Seksyon XVII(B)
- Direktè yo nonmen oswa deziyen pou yon pos Direktè pwozivwa anvan 1ye fevriye 2008, elijib pou yo mete yo nan Lis Kandida pou pòs Direktè otomatikman si yo gen yon evalyasyon satisfezan pou ane a, epi satisfè kondisyon minimòm pou elijiblite pou Direktè ke Depatman Edikasyon Eta *State Education Department* (SED) tabli. Seksyon VIII
- Tèm yo ajoute pou klarifye rejè kandida sa yo pou kòz, aplikab sèlman pou nominasyon Sipèentandan kominotè yo fè. Seksyon XI(A)(1)(a)
- Yo rektifye kontradiksyon onivo entèn pou klarifye ke Chanselye adjwen anchèf ak reprezantan l konsidere onon Chanselye a rejè pou kòz nominasyon Direktè ak Direktè

adjwen Sipèentandan kominotè fè. Seksyon XI(A)(1)(a)

- *Office of Leadership* oswa Divizyon pou Resous imèn *Division of Human Resources* ka avize manm nan Lis osijè opòtinite espesifik nan domèn ekspètiz yo.

II. Enfòmasyon konsènan kote ou ka jwenn tout tèks kesyon yo pwopoze konsidere a.

Ou ka jwenn tèks konplè amannman an nan règleman an, ak règleman an ann antye sou paj prensipal sit wèb Komite pou règleman sou Edikasyon *Panel for Educational Policy* (PEP): http://schools.nyc.gov/AboutUs/leadership/PEP/publicnotice/2014-2015/May202015PEPRegulations

III. Non, biwo, adrès, imèl ak nimewo telefòn reprezantan distri Vil la, ki gen konesans sou kesyon nou gen pou konsidere a, ki ka bay enfòmasyon konsènan kesyon an.

Non : Laura Feijoo
Biwo: Sipèentandan sipèvizè
Adrès : 52 Chambers Street, Room 320, New York, NY 10007
Imèl : RegulationC-30@schools.nyc.gov
Telefòn : 212-346-5211

IV. Dat, lè ak kote reyinyon PEP a ap fèt pou Komite a vote sou kesyon yo pwopoze konsidere a.

20 me 2015 a 6è00 p.m.
Prospect Heights Campus
883 Classon Ave.
Brooklyn, NY 11225